

# GID pou KOVID-19 nan zòn Eastern Shore VA

## Sentòm pou KOVID-19 – Ajou!

Selon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) moun ki gen Korona Viris yo ka gen diferan sentòm. Gen sentòm ki modere e gen sentòm ki sevè. Sentòm yo ka parèt 2-14 jou apre moun sa te ratrape viris la. Moun ki gen youn oswa plizyè nan sentòm sa yo ka gen KOVID-19 (Koronaviris) la:


- Tous
- Souf kout oubyen difikilte pran souf

*Oubyen de nan sentòm sa yo:*

- Fyè
- Frison
- Tranbleman ak frison
- Doulè nan misk
- Tèt fè mal
- Gòj fè mal
- Pa ka pran gou oubyen pran sant

Timoun gen menm sentòm avèk granmoun e an jeneral sentòm yo konn modere.

Ou gendwa gen lot kalite sentòm tou. Silvouplè fè doktè ou konnen nenpot sentòm ki sevè oswa ki fè w enkyete.



## Ki Sa Ou Ka Fè Si Ou Panse Ou Gen Koronaviris la

Si ou gen sentòm Koronaviris e ou bezwen swen medikal, silvouplè rele doktè fanmi w ANVAN ou vizite ofis doktè w la.

Si ou wè sentòm ou yo grav e ou panse w ap bezwen swen medikal tousuit, silvouplè rele Lopital Riverside Shore Memorial la ANVAN ou vini. 757-302-2350.

Lè ou rele anvan, sa ap pwoteje ni ou menm ni profesyonèl medikal yo kont viris la.

Si ou gen sentòm ki grav kote w ka menm pedi lavi w men ki pa sentòm koronaviris la, Depatman ijans nan Riverside la prè pou yo pran swen w e yap pwoteje w kont viris la.

**Si ou nan kategori moun kote viris lan ka yon gwo danje pou e ou bezwen èd al achete manje oswa al pran medikaman**

Moun ki nan Shore Delivery Corps yo ka pote bagay sa yo lakay ou pou ou gratis. Rele 757-801-9950 oubyen al sou shoredelivery.org pou plis enfòmasyon. W ap obliye peye pou preskripsyon yo ak manje yo anvan yo pote yo pou ou.

## Ki Sa Pou Ou Fè Si Ou Teste Pozitif Pou Koronaviris – Yon mesaj ki soti nan depatman sante a

Si ou teste pozitif pou Koronaviris (KOVID-19), fè tout moun ou te gen kontak avèk yo konn sa. Sa vle di moun ki ant 2 de mè (6 pye) a ou men pou plis pase 10 minit pandan ou te malad la e 2 jou anvan ou te komanse santi' w malad.

1. Ekri jou, dat ak lè sentòm ou yo te komanse.
2. Bay yon lis tout moun ki te lakay ou depi lè w ou te malad la.
3. Ekri non moun ou te pran kontak dirèk ansanm avèk yo. Pa egzanp moun ou te nan machin ak yo, nan travay ak lòt kote ankò.
4. Rele oswa tèks moun sa yo. Di yo depatman sante a rekòmande yo pou yo:
  - Rete lakay yo pou 14 jou kòmnanse nan jou yo te pran kontak avèk ou a, e veye pou yo wè si yo devlope sentòm Koronaviris (KOVID-19) la.
  - Evite pran kontak fizik ak lòt moun (Pa pataje atik pesonèl (tankou kiyè ak bwòs dan ak sèvyèt), itilize chanm diferan ak twalèt diferan si sa posib).
  - Rete omwen 2 mè (6 pye) a lòt moun, mete mask, lave men w souvan, netwaye e dezenfekte kote moun manyen souvan tankou tab ak chèz.
  - Si moun sa yo ta vin malad, yo sipoze suiv menm etap sa yo e enfòmè tout moun ki te 2 mè (6 pye) oswa mwens a yo menm. Moun sa yo ta sipoze rele doktè yo tou, pou fè konnen yo te ekspoze a yon moun ki te gen Koronaviris e kounyea yo malad.